# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 जून 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क पहिला आयुष विस्वविद्यालय के लोकार्पण समारोह में सामिल होखे गोरखपुर आ रहिन राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू के आगमन क तइयारियन के लेके मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लगतारे दूसरकों दिन भटहट के पिपरी में बनल आयुष विस्वविद्यालय क मुआयना कइलें। एगो रिपोर्ट–

***राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु 30 जून को एम्स गोरखपुर के प्रथम दीक्षांत समारोह में सम्मिलित होंगी। जबकि अगले दिन एक जुलाई को वह भटहट के पिपरी में बने राज्य के पहले महायोगी गुरु गोरखनाथ आयुष विश्वविद्यालय का लोकार्पण और सोनबरसा बालापार में महायोगी गोरखनाथ विश्वविद्यालय में अकादमिक भवन, ऑडिटोरियम, पंचकर्म केंद्र का लोकार्पण और गर्ल्स हॉस्टल का शिलान्यास करेंगी। आयुष विश्वविद्यालय का लोकार्पण करने के बाद राष्ट्रपति गोरखनाथ मंदिर जाएंगी। राष्ट्रपति के गोरखपुर दौरे को लेकर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने लगातार दूसरे दिन आज भटहट के पिपरी स्थित आयुष विश्वविद्यालय का भ्रमण–निरीक्षण किया और सभी व्यवस्थाओं को चाक चौबंद रखने के निर्देश दिए।श्री योगी ने आज गोरखनाथ मंदिर के सभाकक्ष में भाजपा के वरिष्ठ पदाधिकारियों और जनप्रतिनिधियों के साथ बैठक भी की।गिरीश नारायण चौबे आकाशवाणी समाचार गोरखपुर***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में दानबीर भामासाह के जयंती के मौका पर आयोजित व्यापारी कल्याण दिवस पर सबसे बेसी राजस्व देवे वाले व्यापारियन के भामासाह सम्मान देहले। बिसेस जोगदान देवे वाले व्योपारियनों के मुख्यमंत्री सम्मानित कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलीं कि देस सुरक्षित रही त धरम सुरक्षित रही अउर धरम सुरक्षित रही त हम सब सुरक्षित रहब।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ गोरखपुर प्रवास के दौरान आजु गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन में लोगिन से मुलाकात कइ के उनकर समेस्या सुनलें। मुख्यमंत्री ओन्हें भरोसा दिहले कि ऊ हर समेस्या पे कारवाई सुनिस्चित करइहें। ऊहां के अधिकारियन से कहली कि ऊ जन समेस्यन पे जुरते संवेदनसीलता देखावें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने एगारह बजे आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में आपन विचार साझां करिहें। ई, येह मासिक रेडियो कार्यक्रम क 123वीं कड़ी होई। आकाशवाणी आ दूरदर्शन के सज्जों नेटवर्क, आकाशवाणी समाचार क वेबसाइट अउरि न्यूज ऑन मोबाईल ऐप पर ई सोझे प्रसारित होई। आकाशवाणी आ दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय अउरि सूचना प्रसारण मंत्रालय के यू ट्यूब चैनलों पर ई सोझे प्रसारित होई।

**********

राम मंदिर निरमाण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र आजु समिति क बइठकी में भाग लेवे अजोध्या पहुचलें। मीडिया से बतियावत उहां के कहलीं कि ओमेद हौ कि जुलाई के आखिर ले सज्जों निरमाण पूरा हो जाई। रामलला के अस्थाइ मंदिरों के संरक्षित कइल जाई। उहां के बतउलीं कि मंदिर अउर परकोटा में 14 लाख क्यूबिक फीट बंनसी पहाड़पुर क पत्थर में से 13 लाख क्यूबिक फीट पत्थर लग चुकल हौ, खाली एक लाख क्यूबिक फीट पत्थर लगल बाकी हौ।

**********

प्रदेस सरकार अजोध्या में स्वास्थ्य सेवा बढ़ावे बदे एगो महत्वपूर्ण कदम उठवले हौ। ईपीसी मोड से सहर में 300 सौ बिस्तर वाला सुपर स्पेशियलिटी अस्पताल बनावे बदे पहिला किस्त क 48 लाख रूपिया जारी कइ दिहले हौ। ई अस्पताल अजोध्या में रामपथ पे प्रस्तावित हौ जेहमे दुइ एकड़ जमीनी पर 16 हजार 371 दशमलव 7 लाख रूपिया क लागत आइ। येह परियोजना में डाक्टरन बदे अवासो बनावल जाइ। जेह से स्वास्थ्य सेवा अउर बेहतर बनी।

**********

मिसन सक्ति 5वां फेरा के तहत आजु जौनपुर में पुलिस विभाग की ओरि से महिला ससक्तिकरण बदे बिसेस अभियान चलावल गइल। जिला के कई इलाकन में चौपाल लगाके छात्रा, लइकिन अउर महिला लोगिन के वूमेन पावर लाइन–1090, यूपी–112 समेत हेल्पलाइन नंबरन क जनकारी दिहल गइल।

**********

संचारी रोग नियंत्रण आ दस्तक अभियान के तहत आजु बलिया में अंतर विभागीय बइठकी आयोजित भइल। डीएम मंगला प्रसाद सिंह सीएमओ के संचारी रोग और जल जनित रोग समेत खास जन कल्याणकारी योजनन से जुड़ल एगो किताब तइयार कराके बटलें क निरदेस दिहले। उहां के कहलीं कि ऐह पहल से लोगि असानी से जागरूक होइहें।

**********

आजु भिन्नही बनारस, जौनपुर समेत प्रदेस के कइ जिला में गरज चमक के साथे बरखा से मौसम सुहाना हो गइल। मौसम विभाग प्रयागराज समेत 28 जिला में आवे वाला चौबीस घंटा के दौरान अचानक तेज बयार के साथे हल्लुक से मधिमाहे बरखा क अनुमान जतवले हौ। येह दौरान बादर गरजले अउर कुछु जगहिन पर बिजुरियों गिरले क अनेसा जतावल गइल हौ।

**********